



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

3) Fè yon bon egzamen.

Yon lwa enjis

Yon jennfanm, Madmwazèl Polly Baker, te dwe peye amann paske li te fè yon seri timoun
San li pa marye. Li ale nan lajistis epi adrese jij yo pledwaye *sa a* :

Sa fè pou yon senkyèm fwa, mesye, parèt devan nou pou menm bagay la;
Mwen deja peye yon seri amann de fwa byen wo, de fwa mwen sibi yon pinisyon
piblik e ki jenan paske m ap t anmezi pou m peye. Se yon bagay ki kapab
konfòm ak lalwa, m pa kont li; men gen ki pa dwat, nou anile yo,
genyen ki twò di, moun ki gen pouvwa pou aji sou lwa yo ka evite aplike
yo. Mwen oze di lwa ki kondane m nan alafwa enjis pou tèt li epi li twò di
anvè mwen. M pa janm fè pèsonn ditò kote m ap viv la, epi mwen evite
lenmi m yo, Si mwen ta gen kèk, yon fason pou m pwouve mwen prèske pa
fè pyès nèg ni fanm ni timoun tò. Pèmèt mwen bliye si lalwa egziste yon ti
moman, alò m pa wè ki krim m fè a ; mwen mete 5 bèl timoun nan monn nan.
nan riske lavi mwen, mwen pran swen yo ak pwòp lèt mwen, mwen sipòte
amann ki retire nan menm ti mwayen m yo. Eske se yon krim pou ogmante
pitit yon wayòm nan yon vas peyi konsa ki tou manke moun?

*Denis Diderot Ekstrè nan «Supplément au Voyage de
Bougainville, 1972, (Tradiksyon).*

Premye pati (30 pwen)

(6pwen pou chak bon repons)

A) Konpreyansyon Tèks

1. Ki pwennvi emetè a ap defann nan tèks la?
2. Eske dapre jan emetè a ap pale a, tèks la nan rejis
polemik oswa rejis patetik? Jistifye repons la.
3. Idantifye yon agiman ki chita sou koz tèks la.
4. Ekri twa mo oswa ekspresyon ou jwenn nan tèks
la ki gen rapò ak vokabilè pejoratif (devabrizan)
5. Ki wòl entèwogasyon retorik dènye fraz tèks la.?

Dezyèm Pati

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwen)

- 1- Nan de enonse anba yo, antoure lèt enonse ki
depann de sitiyasyon enonsyasyon an. **(6 pwen)**
 - a) Nan dènye jou yo te wè a, Josèf te atire
atansyon tout moun.
 - b) Jodi a, mwen konnen ou p ap soti isi a san ou pa
ban m kòb.
2. Transfòme fraz sa yo selon endikasyon ant parantèz
yo. Atansyon ak chanjman yo! **(10 pwen)**
 - a) Li te di jou sa a : « M ap wè ak ou demen maten ».
(diskou endirèk)
 - b) Li mande mwen si m konn sa ki te fè li fache
konsa. (diskou dirèk)
3. Pwodwi yon fraz selon chak endikasyon yo. **(6
pwen)**
 - a) Yon fraz konplèks ki genyen sibòdone
sikonstansyèl konsesyon.
 - b) Yon fraz konplèks ki genyen yon sibòdone
sikonstansyèl konparezon.

ch) Yon fraz konplèks ki genyen yon sibòdone relatif.

4. Idantifye de **(2)** vèb modal nan tèks la :

Youn ki eksprime oblikasyon ak yon lòt ki eksprime
yon posiblite. **(6 pwen)**

5. Ekri de **(2)** fraz diferan kote n ap itilize vèb seryèl
nan chak. **(6 pwen)**

6.Tradui fraz a yo an kreyòl fraz b an fransè : **(6
pwen)**

- a) Le sénateur a giflé son collègue brutalement.
- b) M pa t janm fè pèsonn ditò kote m ap viv la.

CH. Pwodiksyon ekri (30 pwen)

Chwazi youn nan sijè sa yo :

1. Imagine yon resi k ap gen yon tonalite patetik.
2. Ekri yon tèks agimantatif kote ou ap montre
edikasyon ak agrikilti se de domèn konplèman. Sa
vle di youn konplete lòt nan ede yon peyi devlope.